# XALQI UZAQ ÓMIR KÓRIWSHI MÁMLEKETLERGE ILIMIY SIPATLAMA

**G.B.Utepova** – *geografiya ilimleriniń kandidatı, docent*
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

**Tayanch so'zlar:** demografik siyosat, yuz yilliklar Yoshi, tugilish va olim darajasi, sogliqni saqlash, pandemiya, yuqumli kasalliklar va sanitariya-gigena.

**Ключевые слова:** демографическая политика, возраст долгожителей, показатели рождаемости и смертности, здравоохранение, пандемии, инфекционные заболевания и санитария-гигиена.

**Key words:** demographic policy, longevity age, birth and death rates, healthcare, pandemics, infectious diseases, and sanitation-hygiene.

Búgingi kúnde BMSh (Birlesken Milletler Shólkemi) hám "Xalıqtanıw" boyınsha shuǵıllanıwshı shólkemler mámleketlerdegi uzaq ómir kóriwshi xalıqlar haqqında jańa maǵlıwmatlar berip barmaqta. Maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda 2024-jılda jer júzindegi uzaq ómir kóriwshi er adamlar 71.3 jastı, al hayallar bolsa, 74.6 jastı quraydı. Demek bul ortasha 72.9 jas kórsetkishti júzege keltiredi. Sonday-aq, "World Health Organizatsion" esap-sanaqları boyınsha 2024-jılda eń uzaq ómir kóriwdiń ortasha jası 89.5 jastı, al eń kem ómir kóriwdiń ortasha jası bolsa, 53.6 jas ekenligi anıqlandı. Maǵlıwmatlar regionlar hám mámleketler kesiminde sezilerli dárejede parıqlanadı. Mısalı; Batıs Afrikada uzaq ómir kóriw dawamlılıǵı 58 jas bolsa, al Batıs Evropada 83 jasqa teń. 2000-jıldan 2016-jılǵa shekemgi dáwirde bul kórsetkish 5,5 jasqa arttı, al Afrikanıń ayırım aymaqlarında 10 jasqa kóbeydi, bul bolsa, óz náwbetinde 5 jastan 9 jasqa shekemgi balalardıń hár qıylı keselliklerge qarsı emlengenligi nátiyjesinde júzege kelmekte. Ulıwma alǵanda uzaq ómir kóriw dawamlılıǵı artpaqta. "World Population Review" saytında daǵaza etilgen maǵlıwmatlarǵa qaraǵanda uzaq ómir kóriw dawamlılıǵına tiykarınan 3 faktor tásir etedi:

- genetikalıq ózgeshelikler;
- jınıslıq ózgeshelikler;
- turmıs tárizi ózgeshelikleri.

BMSh hám dzen.ru saytı maǵlıwmatlarına qaraǵanda, 2024-jılda Monako mámleketi eń joqarı dárejedegi uzaq ómir kóriwshi xalıqqa iye aymaq sıpatında tán alındı (2). Ol mámlekette uzaq ómir kóriwdiń ortasha dawamlılıǵı 87.5 jas, hayallar ushın – 90.0 jas, al, er adamlar ushın bolsa, - 85.1 jastı quradı. Monako mámleketi Liguriya teńizi jaǵasında jaylasqan bolıp, ol Fransiyaǵa jaqın bolǵan kishkene mámleket. Xalqınıń sanı 36 000 nan artıq, jer maydanı 2,02 km$^2$. Mámleket Monte-Karlodaǵı kazino hám Formula -1 chempionatı, "Monako Gran-prisi" menen dúnyaǵa belgili. Qánigelerdiń pikirinshe bul mámlekette uzaq ómir kóriw sebeplerine birinshiden: teńiz ónimleri, miywe hám palız eginlerine bay bolǵan Jer orta teńizi deltasınıń tásiri; ekinshiden: mámlekette den sawlıqtı saqlaw tarawınıń tolıq hám kemshiliksiz qarjılandırılıwı; úshinshi sebep: jaqsı qarjı hám mol tabısqa iye puxaralardıń basım kópshiligi salamat turmıs tárizi ushın qosımsha hár qıylı den sawlıqtı saqlaw quralların satıp alıw múmkinshiligine de iye.

Reytingde ekinshi orındı Gonkong iyeleydi onda, ortasha ómir kóriw dawamlılıǵı er adamlar ushın 83,0 jas, hayallar ushın bolsa 88,6 jas. Gonkongda júdá joqarı dárejedegi sapalı bilimlendiriw, xalıqtı jumıs penen tolıq támiyinlew, ásirese, analar hám balalar ushın sapalı medicinalıq xizmetler, sonday-aq, dúnya mashtabında náresteler ólimi boyınsha eń tómen kórsetkishler usı mámlekette baqlanadı. Mámlekette den sawlıqtı saqlaw hámde sociallıq járdemge mútáj xalıq qatlamına materiallıq táreptende úlken járdemler kórsetiledi.

Yaponiyada bolsa, uzaq ómir kóriw sebepleri (er adamlar ushın 82 jas, hayallar ushın derlik 88 jas) jergilikli xalıqtıń azıq-awqat racionları qatarına kóplegen miywe hám palız eginleri, gósh hám balıq ónimleri, sonday-aq, dánli ónimlerdiń kópligi tiykarǵı orındı iyeleydi. Bunnan tısqarı, Yaponiya húkimeti 50 jıldan aslam waqıt dawamında den sawlıqtı saqlaw tarawına úlken qarjı ajırattı. Bul óz gezeginde, balalar salamatlıǵı ushın isenimli baǵdarlamalar jaratılıwına hám medicinalıq qamsızlandırıw sistemasına jańasha jol ashılıwına túrtki boldı. Yaponiyalı kekse puxaralarda jedel hám háreketsheń turmıs tárizin ózlerinde qáliplestirgen.

Reytingtiń eń jaqsı kórsetkishine iye jáne bir mámleket Lixtenshteyn esaplanadı. Maydanı tek ǵana 160 km$^2$ aymaqtı iyelegen kishi knyazlıq esaplanadı. Xalıqtıń ortasha tıǵızlıǵı 1 km$^2$ maydanǵa 39000 adamnan tuwra keledi. Bul mámlekette xalıqtıń ortasha ómir kóriw dawamlılıǵı 84.9 jasqa tuwra kelip, onda er adamlar ushın 83 jas, al hayallarda bolsa 85 jasqa teń. Mámleket xalıqınıń dáramatları joqarı hám turmıs dárejesi jaqsı jolǵa qoyılǵan hámde puxaralarǵa biypul medicinalıq xizmetler kórsetiledi.

Shveytsariya mámleketinde bolsa, 86 jastan asqan hayallar hám 82 jastan asqan er adamlar kópshilikti quraydı. Mámlekette uzaq ómir kóriw dawamlılıǵı XX ásirdiń birinshi yarımına salıstırǵanda eki esege artqan. Bunday unamlı kórsetkishke, jedel hám parawan turmıs tárizi, tutınıwdaǵı sút hám sút ónimleri, sonday-aq, sapalı konditer ónimlerin paydalanıw jaqsı jolǵa qoyılǵan. Shveytsariya mámleketi Evropa Awqamındaǵı basqa mámleketlerge salıstırǵanda den sawlıqtı saqlaw tarawına jalpı ishki óniminiń joqarı payızın jumsaydı hámde bul regionda profilaktikaǵa úlken itibar qaratıladı.

2023-jılǵa kelip, Singapur mámleketinde uzaq ómir kóriw jası er adamlarda 82,1 jas, hayallarda bolsa 86,0 jasqa jetken. Singapur náresteler ólimi, jol transport hádiyseleri (avtoavaryalar) hám hawa pataslanıwınıń júdá tómen kórsetkishlerine iye mámleket. Sonday-aq, Singapurda júrek-qan tamır kesellikleri hám sozılmalı respirator kesellikleri nátiyjesinde júzege keletuǵın ólim kórsetkishleri tómen dárejede. Kesellik hám ólimshiliktiń tómen kórsetkishine tiykarǵı sebep - taza ishimlik suwın tutınıw, sapalı azıq-awqat hám gigienaǵa kúshli itibar beriw bolıp tabıladı.

Italiyada bolsa, ortasha esapta er adamlar 82 jas, hayallar bolsa 86 jas ómir súredi. Sońǵı jıllarda bul kórsetkishler barǵan sayın tómenlep barmaqta, sebebi xalıqtıń 8%ten aslam bólegi tómen turmıs tárizinde jasamaqta. Mámlekettiń ekonomikalıq jaqtan rawajlanǵan arqa bóleginde xalıqtıń ómir kóriw jası 3 jasqa joqarı.

Qubla Koreyada er adamlardıń ortasha jası 81, hayallarda bolsa 87 jastı quraydı. 1960-jılda bul mámlekette ortasha ómir kóriw jası 52 jastı quraytuǵın edi. Den sawlıqtı saqlaw tarawı hám de sociallıq támiynatqa bolǵan mútájlikti jaqsılaw, xalıqtı sapalı azıq-awqat ónimleri menen támiyinlew ortasha jastıń uzayıwına alıp keledi. Ullı Britaniya hám Jerjúzlik den sawlıqtı saqlaw shólkemi tárepinen ótkerilgen jańa izertlewlerge qaraǵanda, jaqın jıllarda Qubla Koreyalılar dúnyadaǵı eń uzaq ómir súriwshi mámleket bolatuǵınlıǵın boljamaqta. 2030-jılǵa kelip Qubla Koreyadaǵı hayallar 90 jasqa shekem uzaq ómir kóriw birinshiligin qolǵa kirgizedi. Qubla Koreyalılar óz salamatlıǵına júdá itibarlı xalıq bolıp, hár jılı mámleketlik shólkemler hám kommerciyalıq kompaniyaları óz xızmetkerlerine kompleks medicinalıq kórikten ótiw ushın dem alıs kúnleri ajıratıladı. Bunday kúnlerdi koreyalılar bayram retinde kútedi, sebebi olar óz salamatlıqların júdá qádirlep, qásterleydi.

Avstraliya, Shvetsiya, Norvegiya, Fransiya, Jańa Zelandiya hám Kanada mámleketlerindegi xalıqtıń ortasha jası 83 jas bolsa, Islandiya, Niderlandiya, Finlyandiya, Avstriya, Ullı Britaniya hámde Kiprde uzaq ómir kóriw jası

82 jastan asadı. Daniya, Gretsiya, Germaniya, Maldiv hám Bermud atawları mámleketlerdede ortasha ómir kóriw jası joqarı dárejede 80 jas. Qıtay Xalıq Respublikası, Turkiya hám AQShda 80 jasqa jetti. Birlesken Arab Ámirliklerinde ortasha ómir kóriw jası 79 jastı quraydı. Gruziya -77 jas, Armeniya hám Argentina -76 jas, Rossiya hám Ózbekistan-75 jas, Litva, Serbiya, Azerbayjan hám Belarus -74 jas, Ukraina -73 jas, Qazaqstan, Qırǵızstan hám Túrkmenstan-72 hám Tájikstan -69 jas ortasha ómir kóriw jası etip belgilengen.

Demek, joqarıda atı keltirilgen mámleketlerdiń hámmesinde hayallardıń ómir dawamlılıǵı ortasha kórsetkishten aytarlıqtay joqarı.

Eń kem ómir kóriwshi mámleketler Afrika materigine tán bolıp, degen menen Chad, Nigeriya hám Lesoto aymaǵındaǵı xalıqlar basqalarına salıstırǵanda ómir kóriw dawamlılıǵı uzaq bolıp, olarda ortasha ómir kóriw jası 53.6 jastan 54.9 jasqa shekem jetedi. Afrikada jaylasqan mámleketlerdiń kópshiligi ashlıq, kesellikler, sonday-aq, dúnyanıń basqa aymaqlarında umıtılıp ketken kesellikler materiktiń kópshilik mámleketlerinde elege shekem saqlanıp qalǵanlıǵı, xalıq arasında kesselliklerge qarsı imunitettiń tómenligi sebepli ortasha ómir kóriw jası elege shekem tómen kórsetkishke iye bolıp qalmaqta. Qızılsha, xolera h.t.b. kesellikler xalıq arasında júdá keń tarqalǵan. 2000-jıldan beri bul mámleketlerde OIV hám bezgek kesselligin emlew jumısları ǵalaba túrde alıp barıladı. COVID-19 pandemiyasıda materikte jasawshı kóp sanlı xalıqlarǵa óziniń keri tásirin kórsetti.

Dúnya júzlik den sawlıqtı saqlaw shólkemleriniń baǵdarlamalarına tiykar Ózbekistan Respublikasındada xalıqtıń salamatlıǵına úlken itibar berilmekte. Ásirese, náresteler hám jas balalar óliminiń aldın alıw, hár qıylı juqpalı kesselliklerge qarsı emletiw turaqlı alıp barıladı. Bul haqqında Ózbekistan Respublikası Mámleketlik sanitariya-epidemiologiya qadaǵalawı bas basqarması, 25.07.2017-jıl 0239-07/3-sanlı hám Ózbekistan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 28.03.2020-jıldaǵı 187-sanlı qararlarına muwapıq respublikada balalar salamatlıǵın saqlaw hám olardıń den sawlıqları mámleket tárepinen qorǵalıp turaqlı ráwishte baqlap barıladı (1). Bul ilajlardıń baslı maqseti Ózbekstan Respublikası puxaralarınıń salamat hám uzaq ómir kóriwi, baxıtlı turmıs keshiriwi jolında alıp barılıp atırǵan mámleket kólemindegi jetekshi demografiyalıq siyasat bolıp tabıladı. Húkimetimiz tárepinen aqılǵa say demografiyalıq siyasat alıp barılıwı negizinde, 2024-jılǵı Ózbekstan statistika basqarması esap-sanaqlarına muwapıq, mámleketimizde xalıqtıń ortasha ómir kóriw jası 75 jas ekenligi anıqlandı. Bul kórsetkish rawajlanǵan mámleketler xalıqınıń ortasha ómir kóriw jası menen barabar túrde artıp barmaqta. Hár jıl sayın xalqımızdıń turmısın jaqsılaw hám salamatlıǵın arttırıw baǵdarında aytarlıqtay unamlı jumıslar alıp barılmaqta. Óytkenı, xalıq hárbir mámlekettiń tiykarǵı baylıǵı hám tayanıshı esaplanadı.

## Ádebiyatlar

1.O‘zbekiston Respublikasi Vazirlar Mahkamasining 2020-yil 28-martdagi “Aholi salomatligini muhofaza qilish yanada takomillashtirish munosabati bilan O‘zbekiston Respublikasi hukumatining ayrim qarorlariga o‘zgartirish va qo‘shimchalar kiritish tog‘risida”gi 187-son qarori

2. www.dzen.ru Рейтинг продолжительности жизни по странам на 2024 год.

**REZYUME.** Ushbu maqola turli mamlakatlarda yashovchi xalqlarning uzoq umr korish imkoniyatlari va sabablarini ilmiy nuqtai nazardan qiyosiy baholashga qaratilgan.

**РЕЗЮМЕ.** Эта статья ориентирована на сравнительную оценку с научной точки зрения возможностей и причин долгожительства народов, проживающих в разных странах.

**SUMMARY.** This article is aimed at a comparative assessment from a scientific perspective of the possibilities and causes of longevity among people living in different countries.